

Vaksinasyon pou Tibebe yo

Yon Gid pou Paran yo
Sa yo se vaksen tibebe w la bezwen!

Nan nesans ^{1,2}	HepB RSV-mAb ¹ 0-7 mwa												
2 mwa ^{1,2}	HepB 1-2 mwa ² + DTaP + PCV + Hib + Polyo + RV												
4 mwa ^{1,2}	HepB ³ + DTaP + PCV + Hib + Polyo + RV												
6 mwa ^{1,2}	HepB 6-18 mwa ² + DTaP + PCV + Hib ⁴ + Polyo 6-18 mwa ² + RV ⁵ + Grip ⁶ + COVID ⁷												
12 mwa oswa plis ^{1,2}	MMR 12-15 mwa ² + DTaP 15-18 mwa ² + PCV 12-15 mwa ² + Hib 12-15 mwa ² + Varisèl 12-15 mwa ² + HepA ⁸ 12-23 mwa ² + Grip ⁶												

Verifye avèk doktè w oswa enfimye/enfimye w pou asire w tibebe w la resevwa tout vaksinasyon yo selon kalandriye an. Anpil fwa vaksen yo konbine pou redui kantite piki yo. Asire w mande yon kat dosye ki gen dat vaksen tibebe w la; pote l avèk ou nan chak vizit.

Men yon lis maladi tibebe w la pral pwoteje kont yo:

HepB: epatit B, yon maladi fwa grav

DTaP: difteri, tetanòs (machwè bloke), ak koklich (tous siflan)

PCV: vaksen konjige anti-nemokoksik pwoteje kont yon enfeksyon grav nan san, poumon ak sèvo

Hib: *Haemophilus influenzae* tip b, yon enfeksyon grav nan sèvo, gòj ak san

Polyo: polyo, yon maladi grav ki lakòz paralizi

RSV: viris respiratwa sensisyal, yon enfeksyon poumon grav

RV: enfeksyon wotaviris, yon maladi dyare grav

Grip: yon enfeksyon poumon grav

MMR: lawoujòl, malmouton ak ribeyòl

COVID-19: yon maladi grav e trè enfektyez

HepA: epatit A, yon maladi fwa grav

Varisèl: yo rele tou saranpyon

Nòt sou tablo ki anwo a:

1. Soti oktòb jiska mas, tibebe depi nan laj nesans jiska 7 mwa ka bezwen antikò prevansyon kont RSV (RSV-mAb) si vaksen kont RSV an pa e resevwa pandan gwosès. Sèten tibebe pi gran laj 8 jiska 19 mwa ka bezwen RSV-mAb pandan dezyèm sezon RSV yo a.
2. Sa se kategori laj kote vaksen sa a dwe bay.
3. Tibebe w la gendwa pa bezwen yon dòz vaksen Hep B nan laj 4 mwa, selon vaksen ki itilize a. Verifye avèk doktè w oubyen enfimye/enfimye w.
4. Tibebe w la ka pa bezwen yon dòz vaksen Hib nan laj 6 mwa, selon vaksen ki itilize a. Verifye avèk doktè w oubyen enfimye/enfimye w.
5. Tibebe w la ka pa bezwen yon dòz vaksen RV nan laj 6 mwa, selon vaksen ki itilize a. Verifye avèk doktè w oubyen enfimye/enfimye w.
6. Tout timoun laj 6 mwa oswa plis ta dwe pran vaksen kont grip la nan sezon otòn oswa nan sezon ivè chak ane.
7. Timoun ou an ap bezwen 2 oswa 3 dòz, selon mak vaksen kont COVID-19 yo bay la.
8. Timoun ou an pral bezwen 2 dòz vaksen HepA, yo bay li omwen ak 6 mwa entèval.

